

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Pamarekan panalungtikan kualitatif nyaéta pamarekan panalungtikan anu tujuanana pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis fénoména, kajadian, kagiatan sosial, sikep, kayakinan, présépsi, sawangan individual atawa kelompok (Sutopo & Arief, 2010). Nurutkeun Sudaryanto, (1993, kc. 62), istilah déskriptif neueurkeun kana panalungtikan dumasar fakta jeung kajadian nu émpiris. Mangka hasilna ogé mangrupa runtuyan basa, henteu bisa dirékayasa (sakumaha ayana).


Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis tur ngadéskripsikeun kontéks wacana jeung situasi dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan”. Dumasar tujuanana, mangka pamarekan nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif.

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun néangan data nu mangrupa kekecapan, gambar jeung lain angka. Dina ieu panalungtikan éta métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun kontéks kapragmatikan dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan”, nu ngaguar kontéks sutuasi jeung kontéks wacanana.

Saluyu jeung pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif, galur panalungtikan ngawengku léngkah-léngkah:

- a) ngarumuskeun masalah anu patali jeung kontéks kapragmatikan,
- b) ngumpulkeun data maké instrumén,
- c) ngolah data ku cara nganalisis kontéks kapragmatikan nu aya dina naskah,
- d) ngadéskripsikeun data, sarta nyieun kacindekan.

Désain panalungtikanana bisa digambarkeun dina gambar 3.1.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan dikasangkutungan ku lobana omongan, dialog, jeung narasi nu ngandung kontéks, sarta aya maksud jeung ma'na nu nyamuni dina dialog. Sabada maca tur nitéan naskah drama "Mojang Dua Rébuan" karya Dadan Sutisna, masalah nu ditataan tadi téh nyampak. Ku kituna, naskah drama "Mojang Dua Rébuan" karya Dadan Sutisna dijadikeun sumber data primer dina ieu panalungtikan, kalawan ngagunakeun instrumén kartu data. Sabada dianalisis ngagunakeun téhnik pustaka, data diolah maké téhnik analisis unsur. Tuluy, data nu geus diolah tadi didéskripsikeun, kumaha kontéks wacana jeung kontéks situasi nu kapanggih dina naskah drama "Mojang Dua Rébuan" karya Dadan Sutisna.

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data utama dina ieu panalungtikan nyaéta dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna. Ieu naskah drama téh diwangun ku tujuh adegan, nyaritakeun ngeunaan masalah kahirupan sapopoé, di antarana kahariwang bapa ka budakna lantaran can meunang waé jodo, nyaritakeun kahariwang ibu-ibu ka salakina sabab ngarérét mojang geulis, nu sok balanja maké duit dua rébuan seungit, nu jadi inceran lalaki. Salaku Kadés, anjeunna nandangan ieu pasualan, ku cara maluruh, nyalusur kunaon pangna duit dua rébuan ti éta mojang bet bisa seungit. Tapi ieu pasualan can manggih jawabanana. Jang Cakra ogé kungsi nampa duit dua rébu nu aya tulisanana, cenah mah ti mojang geulis. Manéhna nepi ka gegeringan panasaran ka éta mojang.

Dina ieu naskah drama “Mojang Dua Rébuan” bakal dicokot data atawa cutatan nu mangrupa kontéks wacana jeung konteks situasi, nu ngawengku undak Usuk basa Sunda, nu dicaritakeun, galur omongan, kasangtukang tempat, waktu jeung suasana alat nu digunakeun, rasa, nada jeung ragam basa, sarta amanat omongan. Dipaluruh ogé kontéks linguistik, kontéks fisik, kontéks épistémi jeung kontéks sosial nu nyangkaruk dina ieu naskah drama.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu paling stratégi, sabab tujuan utama dina panalungtikan nyaéta maluruh data. Tanpa mikanyaho téhnik ngumpulkeun data, mangka panalungtik moal bisa meunangkeun data nu nyumponan standar data nu geus ditetepkeun (Sugiyono, 2017, kc. 104). Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah dina panalungtikan sangkan bisa ngahasilkeun data kalawan bener. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ulikan pustaka, simak, jeung catet. Téhnik pustaka nyaéta téhnik nu ngagunakeun sumber-sumber tinulis pikeun maluruh data. Téhnik simak & catat hartina peran panalungtik jadi instrumen konci, ngalakukeun analisis data kalawan taliti kana sumber data primer (Azwardi, 2018. kc. 103). Anapon léngkah-léngkahna saperti ieu di handap:

- a. Mariksa, macaan, sarta niténan naskah;
- b. Nandaan data kontéks wacana jeung kontéks situasi;

- c. Nyatet data kontéks wacana jeung kontéks situasi nu aya dina naskah; jeung
- d. Mindahkeun data kontéks wacana jeung kontéks situasi kana tabél data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas nu digunakeun dina ngumpulkeun data. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data pikeun ngadéskripsikeun data. Kartu data anu digunakeun dina ieu panalungtikan saperti kieu

Tabél 3.1
Conto Kartu Data Digital

No. Omongan	Data Paguneman	Kode Data
(146)	“Lain rék balanja. Kami opatan datang ka dieu, rék méré ultimatum ka Si Engkol”	(NDMD/A2/2/11)

Keterangan:

- NDMD : Naskah Drama Mojang Dua Rébuan
- A2 : Awéwé 2
- 2 : Babak naskah drama
- 11 : Kaca naskah drama

Data undak usuk basa Sunda anu geus dicirian bakal dicatet tur dipasing-pasing mana nu kaasup basa lemes, basa loma atawa basa wajar jeung basa kasar pikeun ngagampankeun panalungtik dina proses nganalisis. Conto tabélna saperti ieu di handap.

Tabél 3.2
Conto Tabél Undak Usuk atawa Tatakrama Basa

No. Omongan	Omongan	Ragam Tatakrama Basa		
		BL	BW	BK
(001)	“Tah, kitu, Pa Kadés. Kuring mah ménta kapastianana, ku naon pangna pun anak teu manggih waé jodo?” (NDMD/K/1/1)		✓	

Keterangan:

BL : Basa Lemes

BW : Basa Wajar

BK : Basa Kasar

Omongan nu nuduhkeun nu make basa jeung nu dicaritakeun bakal dicirian tuluy dicatet tur dipasing-pasing dina tabél pikeun ngagampangkeun panalungtik dina proses nganalisis. Nu dianalisisna nyaéta saha nu make basa jeung kumaha topik nu diomongkeunna, naha nyambung atawa kurang nyambung. Conto tabélna saperti di handap ieu.

Tabél 3.3
Conto Tabél Nu Maké Basa jeung Nu Dicaritakeun

No. Omongan	Omongan	Topik		
		TS	TJ	SL
(005-008)	<p>Kurdi: “Matak datang ka dieu gé, kuring téh rék ménta bongbolongan. Pan ayeuna mah jaman data. Susuganan di ieu désa, aya data statistik nu ngécéskeun sabab musabab hiji jajaka seuseut pinanggih jodo.”</p> <p>Pa Kadés: “(Garo-garo teu ateul) Teu aya. Upama data jumlah randa mah, aya...”</p> <p>Kurdi: “Sababaraha tah jumlahna?”</p> <p>Pa Kadés: “Di jurutulis aya catetanana. Aéh, punten, Pa Kurdi, simkuring sanés alim mayunan. Seueur kénéh sanghareupaneun lian ti urusan jodo.”</p> <p>(NDMD/K/PK/1/1)</p>			✓

Keterangan:

TS : Topik Salancar

TJ : Topik Jembar

TSL : Topik Sumbang Luncat

Data galur omongan nu geus kapanggih, bakal dicatet tur dipasing-pasing dina tabél pikeun ngagampangkeun panalungtik dina proses nganalisis jeung ngadéskripsikeun. Conto tabélna saperti di handap ieu.

Tabél 3.4
Conto Tabél Galur Omongan

No. Omongan	Cutatan	Analisis
(013)	“(Motong kalimah) Lain. ¹ Kuring datang ka dieu, rék ngumaha ka Pa Kadés, sangkan éta mangkeluk buru-buru dihukum. ² ” (NDMD//R/1/2)	Kalimah 1: Asértif Kalimah 2: Impositif Fungsi: Panyeluk

Omongan nu ngandung kasang tukang tempat, waktu jeung suasana, sabada dicirian bakal dicatet jeung dipasing-pasing dina tabél pikeun ngagampangkeun panalungtik dina prosés nganalisis. Conto tabélina saperti di handap ieu.

Tabél 3.5
Conto Tabél Kasang Tukang Tempat, Waktu, jeung Suasana

No. Omongan	Omongan	Kasang Tukang		
		T	W	S
(N1)	Rohangan balé désa, pabeubeurang. Pa Kadés keur narima tamu (Kurdi). Jurutulis nundutan di juru. Di beulah luar, Rukmini keur diuk nungguan, bari leungeunna teu eureun ngoprék hapé. (NDMD/N/1/1)	✓	✓	

Katerangan:

T : Tempat

W : Waktu

S : Suasana

Omongan atawa kalimah anu ngagunakeun alat bantu atawa gerak awak dina lumangsungna komunikasi bakal dicatet tur dipasing-pasing dina tabél. Data nu dianalisisna aya dua, data nu ngandung gerak awak (rengkuh jeung pasemon), jeung data nu ngandung alat bantu kayaning make alat bantu pulpén, mobil, motor, jrrd. Conto tabélina saperti di handap ieu.

Tabél 3.6
Conto Tabél Alat nu Digunakeun

No. Omongan	Omongan	Alat nu Digunakeun	
		GA	AB
(023)	“Geura baca, Pa Kadés. Bieu pisan manéhna geus nulis deui status dina Pésbuk. Kieu cenah: Kupa hideung samak butut, campedak ajol-ajolan, rupa hideung awak gendut, diwedak totorombolan. Éta téh nyindiran kuring...” (NDMD/R/1/3)		✓

Keterangan:

GA : Gerak Awak/Kinésik

AB : Alat Bantu

Omongan nu ngandung rasa, nada jeung ragam basa bakal dicirian, tuluy dicatet tur dipasing-pasing kana tabél pikeun ngagampangkeun panalungtik dina proses nganalisis. Conto tabélna saperti di handap ieu.

Tabél 3.7
Conto Tabél Rasa, Nada jeung Ragam Basa

No. Omongan	Omongan	R	N	RB
(013)	“(Motong kalimah) Lain. Kuring datang ka dieu, rék ngumaha ka Pa Kadés, sangkan éta mangkeluk buru-buru dihukum.” (NDMD/R/1/2)	✓	✓	

Keterangan:

R : Rasa

N : Nada

RB : Ragam Basa

Omongan nu ngandung amanat bakal dicatet dina tabél di handap ieu. Tujuanana pikeun ngagampangkeun panalungtik dina proses nganalisis jeung ngadéskripsikeun.

Tabél 3.8
Conto Tabél Amanat Omongan

No. Omongan	Omongan
(024)	“Enya wé hihiliwiran. Ké heula, manéh ulah sok tampi raos. Boa tulisan éta keur saha, da geuning euweuh nu nyebut ngaran manéh...” (NDMD/PK/1/3)

Data kontéks situasi nu geus dicirian bakal dicatet tur dipasing-pasing mana ku kaasup kana kontéks fisik, kontéks épistémi, kontéks linguistik, jeung mana nu kaasup kontéks sosial. Conto tabélna saperti ieu di handap.

Tabél 3.9
Conto Tabél Kontéks Situasi

No. Omongan	Cutatan	Kontéks Situasi			
		KF	KÉ	KL	KS
(015-016)	Rukmini: “Lah, teu kudu maké bubuka, da lain pidato. Ieu mah urusan hukum. Éta mangkeluk geus ngarempak rupa-rupa pasal dina undang-undang I-Té-É. Pa Kadés nyaho naon ari I-Té-É?” Pa Kadés: “Informasi dan Transaksi Éléktronik. Ari kitu manéh boga masalah naon jeung éta undang-undang?” (NDMD/R/PK/1/2)		✓		

Keterangan:

KF : Kontéks Fisik

KÉ : Kontéks Épistémi

KL : Kontéks Linguistik

KS : Kontéks Sosial

3.5 Téhnik Ngolah Data

Sabada maluruh data tuluy diolah dumasar kana rumusan masalah jeung bahasaeun nu rék dipedar, kalawan ngagunakeun téhnik unsur langsung. Hasil analisisna ogé diluyukeun jeung tiori nu rék nu dipaké. Léngkah-léngkah nganalisis atawa ngolah data dina ieu panalungtikan di antarana:

- a. nyirian wacana atawa kalimah nu ngandung kontéks dina sumber data;
- b. nyatet wacana atawa kalimah nu kaasup kana kontéks situasi jeung kontéks wacana;
- c. nyieun papasingan data;
- d. nganalisis jeung ngadéskripsikeun nu ngandung kontéks situasi jeung kontéks wacana; jeung
- e. nyieun kacindekan tina hasil data nu geus dianalisis.